## Қарақалпақстан Республикасы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы

*(2020-жыл январь-сентябрь жағдайына)*

**Орташа айлық ис ҳақы.** 2020 жыл январь-сентябрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы 2360,8 мың сўмды қурады.

Бунда ис-ҳақы үстеме, сыйлықлаў, хошаметлеў, туриндеги төлеўлер, компенсация ҳәм ислемеген ўақыт ушын хақ төлеўлер киритилген, сондай-ақ оның кўрамында физикалық шахслар дәрамат салығы, социаллық қамсызландырыў ҳәм кәсиплик аўқамына төлеўлер ҳәм бар.

2020 жыл январь-сентябрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық ис ҳақының ең жоқары муғдары Нөкис каласында 3013,7 мың сўм, Республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 127,7 процентке ҳәм Қоңырат районында 2841,0 мың сўм (120,3 процентке),Тақыятас районы 2398,9 мың сўм(101,6 процент)ти қурады.

### Юридик шахсларда ислеўшилер саны ҳәм ис ҳақы фонды

*(2020 йил январь-сентябрь; ауыл, хожалығы кархоналары ҳәмде киши исбилерменлик субъектларинен тысқары)*

| | Ислеўшилер саны, адам | Ис ҳақы фонды, млн.сўм | Орташа оилық ис ҳақы, мың сўм |
|---|---|---|---|
| **Республика бойынша жәми** | **147 400** | **3 131 841,1** | **2 360,8** |
| соннан : | | | |
| Санаат | 14 380 | 467 861,0 | 3 615,1 |
| Қурылыс | 2 258 | 49 576,6 | 2 439,6 |
| Саўда | 1 988 | 39 639,3 | 2 215,5 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 8 275 | 260 037,3 | 3 491,6 |
| Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 78 | 2 254,8 | 3 212,0 |
| Мәлимлеме ҳәм байланыс | 1 172 | 25 502,1 | 2 417,7 |
| Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлалшилик | 2 985 | 132 621,5 | 4 936,6 |
| Тәълим | 67 681 | 1 149 020,0 | 1 886,3 |
| Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў | 25 363 | 470 284,8 | 2 060,2 |
| Мәдeният, кеўил ашыў ҳәм дем алыў | 2 397 | 39 571,7 | 1 834,3 |
| Басқа хызмет турлери | 20 823 | 442 565,1 | 2 361,5 |

## Орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы

*(2020 жыл январь-сентябрь; ауыл хожалығы кәрханалары ҳәмде киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары, мың сўм)*




Республика бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 2360,8 мың сўмды қураған болса, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 12,8 % ке өсти.

Орташа ис-ҳақының жоқары көлеми эканомикалық хызмет турлеринен банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәллалшиликте 4936,6 мың сўм (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 2,1 мәртеге жоқары), Санаат тараўында 3615,1 мың сўм (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 53,1 % ке жоқары), Тасыў ҳәм сақлаў тараўында 3491,6 мың сўм (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 47,9 % ке жоқары) Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўында 3212,0 мың сўм (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 36,1 % ке жоқары), екени гузетилди.





**Қарақалпақстан Республикасы бойынша**
**орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(январь-сентябрь; аўыл, хожалығы ҳәм киши исбилерменлик субъектлернен тысқары, мың сўм)*

| | *2019 жыл* | *2020 жыл* | *Өсиў пәти, % те* |
|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикаси** | **2093,5** | **2360,8** | **112,8** |
| Нөкис қ. | 2621,3 | 3013,7 | 115,0 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 1637,6 | 1757,6 | 107,3 |
| Беруний | 1629,7 | 1719,3 | 105,5 |
| Бозатаў | 1689,8 | 1725,3 | 102,1 |
| Қанлыкөл | 1918,2 | 1804,9 | 94,1 |
| Қараөзек | 1617,4 | 1861,5 | 115,1 |
| Кегейли | 1808,9 | 1941,0 | 107,3 |
| Қоңырат | 2353,8 | 2841,0 | 120,7 |
| Мойнақ | 2048,7 | 1854,9 | 90,5 |
| Нөкис | 1814,5 | 2292,6 | 126,3 |
| Тақыятас | 1962,6 | 2398,9 | 122,2 |
| Тахтакөпир | 1747,2 | 1787,6 | 102,3 |
| Төрткүл | 1749,3 | 1884,9 | 107,8 |
| Хожели | 1861,5 | 2041,1 | 109,6 |
| Шымбай | 1719,0 | 1954,0 | 113,7 |
| Шоманай | 1626,8 | 2373,3 | 145,9 |
| Елликқала | 1761,6 | 1994,1 | 113,2 |

**Ис ҳақы**. 2020-жыл январь-сентябрь айларында экономикалық хызмет турлери бойынша ис ҳақы анализи төмендегилерди көрсетпекте

**Билимлендириў тараўында** 1381 шөлкемде 67681 (жәми хызметкерлерге салыстырғандағы улеси 45,9%) хызметкер ислеген болып оларға есапланған ис ҳақы фонды 1149,0 млрд. сўмды (жәми ис хакы фондидағы улеси 36,7% ) ти қураған. Усы тараўда ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы 1886,3 мың сўмды қураған болып, 2019-жылдың усы дәўрине салыстырғанда 8,5 % ке өскен.

## Билимлендириў тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы

*(2020-жыл январь-сентябрь киши исбилерменлик субектлеринен тысқары)*

**Жоқары**
**4074,2 мың сўм**

**Орта арнаўлы**
**1583,5 мың сўм**

**Жәми**
**1886,3 мың сўм**

**Улыўма**
**2006,7 мың сўм**

**Мектепке шекемги**
**1340,5 мың сўм**

**Аймақлар**





**Санаат** тараўында ҳәрекеттеги **36** кәрхана **14380** (жәми ислеўшилерге салыстырғанда үлеси 9,8 %) хызметкер ислеген болып, оларға есапланған ис ҳақы фонды **467,9** млрд. сўм (жәми ис-ҳақы фондындағы үлеси 14,9 %)ти қурады. Санаат тараўында ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы **3615,1** мың сўмди қураған болса, 2019-жылдың усы даўрине салыстырғанда 1,0 % ке өсти.

**Санаат тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-жыл январ- сентябрь киши исбилерменлик субъектларинен тасқары мың сўм)*




Усы тараўдағы орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы көрсеткишлерин республика аймақлары бойынша алып қарасақ, яғни орташа айлық ис ҳақының жоқары муғдары Нөкис қаласында 7824,7 мың сўмды (Республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 2,2 есеге жоқары) қураған болса Тақыятас районында 3922,4 мың сўмды (108,5%), Әмиўдәрья районында 1343,6 мың сўмды (37,2%), Кегейли районында 1409,6 мың сўмды (39,0%) ҳәм Канлыкөл районында 1439,2 мың сўмды (39,8%) қураған, басқа Шымбай районында 1509,5 мың сўм (41,8%) қурап басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға йие болмақта.




**Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер қорсетиў** тараўында 81 шөлкемде 25363 (жәми ислеўшилерге салыстырғанда үлеси 17,2%)ти ислеўшилер болып оларға есапланған ис-ҳақы фонды 470,3 млрд. сўмды (жәми ис-ҳақы фондындағы үлеси 15,0%) қураған. Усы тараўда ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 2060,2 мың сўмды қураған болса, 2019-жылдың усы дәўрине салыстырғанда 24,3 % ке өсти.

**Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-йил январь-сентябрь, киши исбилерменлик субектлеринен тысқары мың сўмда)*




Усы тараўдағы орташа ойлық номинал есапланған ис-ҳақы көрсеткишлери республика аймақлары бойынша алып қарайтуғын болсақ орташа айлық ис-ҳақының жоқары муғдары Шоманай районында 3872,8 мың сўмды (республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 188,0%), Тахтакөпир районында 2510,9 мың сўмды ( 121,9%), Шымбай районында 2430,6 мың сўмды (118,0%) ҳәм Хожели қаласында 2088,7 мың сўмды (101,4%) қураған болса Бозатаў районында 1579,9 мың сумды (76,7 %), Тахыятас районында 1671,5 мың сўмды (81,1%) ҳәм Қоңырат районында 1830,1 мың сўмды (88,8%) қурады, басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға йие болмақта.



**Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит хәм дәллалшилик тараўы** экономикалық тараў түринде 87 шөлкемде 2985 (жәми ислеўшилерге салыстырғанда улеси 2,0 %)ти ислеўши ислеген болып, оларға есапланған ис ҳақы фонды 132,6 млрд. сўмды (жәми ис-ҳақы фондыдағы үлеси 4,2% ти) қураған. Усы тараўда ислеушилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 4936,6 мың сўмды қурады, 2019-жылдың усы дәўрине салыстырғанда 32,7% ке өсти.

**Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит хәм дәлалшилик тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-жыл январь-сентябрь,киши исбилерменлик субектлеринен тысқары, мың сўмда)*




Усы тараўда орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы көрсеткишлерин республика аймақларын алып қарайтуғын болсақ орташа айлық ис-ҳақының жоқары муғдары Нөкис қаласында 5707,0 мың сўмды (республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 115,6%), Нөкис районында 3790,2 мың сўмды (76,8%) хәм Төрткул районында 3988,4 мың сўмды (80,8%) қураған болса, Беруний районында 4035,4 мың сўмды (80,7%), қураған болып, басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға ийе болмақта.

## Орташа айлық номинал есапланған ис ҳақының өткен жылдың сайкес дәўрине салыстырғанда өсим пәти

*(2020-жыл январь-сентябрь аўыл, хожалығы ҳәм киши исбилерменлик субъектларинен тысқары % да)*




